



Pou Piblikasyon Imedya: 13/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEKLARE ETA IJANS ANVAN GWO PREVIZYON TANPÈT
KOT LÈS LA KI PRAL AFEKTE PLIZYÈ REJYON NAN NÒ ETA A SEMÈN SA**

Menas pàn kouran elektrik toupatou nan zòn ki afekte yo akòz gwo nèj imid ak van rafal; Kondisyon vwayaj danjere yo prevwa pou lendi swa jiska mèkredi maten

Gouvènè Hochul deplwaye lòt pèsònèl ak resous ajans eta yo nan rejyon ki afekte yo, aktive Gad Nasyonal New York la avan tanpèt la pou ede entèvansyon eta a nan rejyon Kapital ak Mid-Hudson

Apati 8 p.m. lendi swa Tout raktè semi-remòk tandem ak vid yo entèdi depi nan I-87 sòti 17 rive nan I-90 sòti 36 ak sou Spur depi nan I-87 sòti 21B rive nan fwontyè Massachusetts, restriksyon ki sanble ap anvigè sou lòt wout entè-eta yo

Gouvènè Hochul konseye pa fè vwayaj ki pa nesesè nan rejyon ki afekte yo, patikilyèman nan madi kote viziblité yo pral limite anpil

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te deplwaye resous ak pèsònèl adisyonèl nan plizyè rejyon yo te prevwa ki pral sibi enpak yon gwo tanpèt nèj k ap kòmanse lendi swa epi ki kontinye jiska mèkredi. Gwo zòn yo nan Rejyon Kapital la, New York Santral, Mid-Hudson, Mohawk Valley ak Rejyon North Country te kapab resevwa jiska de pye nèj pandan peryòd tan sa a. Pi wo elevasyon nan rejyon Kapital ak Mid-Hudson, kote yo prevwa plis akimilasyon nèj, kapab resevwa jiska twa pye nèj nan mèkredi maten. Rejyon Lwès New York ak Finger Lakes ka resevwa jiska 8 pous oswa plis nèj apati mèkredi. Pou rejyon sa yo, gwo nèj imid pral kòmanse lendi swa ak van rafal ki rive jiska 45 kilomèt pa lè (kmh) nan madi pral ogmante chans pou pàn koura ak enpak ki gen rapò. Yo prevwa vil New York ak Long Island pral resevwa jiska de pous nèj, men, sitou, yo pral resevwa lapli ki ka lakòz yon ti inondasyon bò kòt.

Gouvènè a pral deklare Eta Ijans k ap antre an vigè nan 8 p.m. nan lendi epi gen ladan Albany, Broome, Cayuga, Chenango, Columbia, Cortland, Delaware, Dutchess, Essex, Fulton, Greene, Hamilton, Herkimer, Lewis, Madison, Montgomery, Oneida, Onondaga, Ontario, Orange, Oswego, Otsego, Putnam, Rensselaer, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Schuyler, Seneca, Sullivan, Tioga, Tompkins, Ulster, Warren, Washington, Wayne, Yates ak konte vwazen yo.

"Nouyòkè yo ta dwe prepare kounye a pou yon evènman plizyè jou ki pral pote jiska twa pye nèj nan sèten pati nan rejyon kapital la ak rejyon Mid-Hudson", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ajans eta yo te pase wikenn nan ap prepare byen pou repons ijans, ekip mwen an toujou an kontak ak responsab lokal yo, epi nou te aktive Gad Nasyonal la pou ede ak entèkansyon ijans yo. Tanpèt sa a pral kreye kondisyon wout danjere jiska mèkredi maten, epi mwen ankouraje Nouyòkè yo nan rejyon ki afekte yo pou yo rete lakay yo epi pou yo evite nenpòt vwayaj ki pa nesèsè pou pèmèt ekip pou raboure yo fè travay yo".

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Total nèj yo prevwa pou tanpèt ivè sa a kontinye ap ogmante, epi pwa nèj la konbine avèk van 45 kilomèt pa lè pral preske sètènman fè branch pye bwa ak fil kouran yo tonbe. Nouyòkè yo ta dwe planifye pou de a twa jou apre yon sezon ivè danjere apati aswè a. Vwayaje sèlman si sa nesèsè, epi kenbe telefòn ou ak lòt aparèy yo chaje si ou bezwen rele pou asistans pandan yon pàn kouran".

Pou preparasyon pou tanpèt la, Otorite Thruway Eta New York pral entèdi tout traktè semi-remòk tandem ak vid apati lendi, a 8 p.m. depi nan I-87 sòti 17 (Newburgh - Scranton - I-84) rive nan I-90 sòti 36 (Watertown - Binghamton- I-81) ak sou Berkshire Spur (I-87 sòti 21B nan fwontyè Massachusetts).

Anplis de sa, an kowòdinasyon avèk Lapolis Eta New York ak Otorite Thruway, NYSDOT te pibliye restriksyon sa yo pou veyikil komèsyal yo:

- I-84: Tout wout la. 8 p.m. kòmanse; Pa gen traktè semi-remòk tandem oswa vid
- I-88: Tout wout la. 8 p.m. kòmanse; Pa gen traktè semi-remòk tandem oswa vid
- I-87 (Direksyon nò): Albany rive Plattsburgh. 8 p.m. kòmanse; Pa gen traktè semi-remòk tandem oswa vid
- I-90: I-87 rive Berkshire Spur. 8 p.m. kòmanse; Pa gen traktè semi-remòk tandem oswa vid
- I-81: Liy PA rive Syracuse. 8 p.m. kòmanse; Avi "Kamyon yo itilize liy dwat sèlman"
- Route 17: Middletown rive Binghamton. 8 p.m. kòmanse; Avi "Kamyon yo itilize liy dwat sèlman"

Plizyè avètisman ak konsèy sou tanpèt ivè an vigè pou tout pati lès Eta New York, nò Vil New York. Yo te pibliye avi inondasyon kotyè nan Long Island, Bronx ak Queens jiska madi maten. Yo ka bay lòt avètisman ak/oswa avi. Pou ou kapab jwenn yon lis sou avètisman meteyowolojik yo nan zòn ou an, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Meteyowolojik Nasyonal zòn ou an.

Preparasyon ak Resous Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo

Sant Operasyon Ijans Eta a te aktive lendi maten pou kowòdone plis repons Eta a nan evènman move tan an. Anplwaye Biwo Jesyon Ijans lan an kontak ak lokalite yo epi yo prepare pou fasilite demann pou asistans yo.

Divizyon an prepare pou deplwaye resous ak pwovizyonabri sa yo ki soti nan rezèv Eta a, si sa nesèsè:

- 1,489 jeneratris
- 536 Twonsonez
- 964 Aparèy Chofaj Pòtab
- 39,948 MRE
- 552,260 boutèy ak bidon dlo
- 9,105 kabann
- 9,641 dra
- 11,220 zòrye

Divizyon Afè Militè ak Lamarin

Gad Nasyonal New York la pral mobilize 100 pèsonèl ak 20 machin pou ede entèvansyon Eta a nan tanpèt la. Senkant sòlda pral an sèvis nan Katye Jeneral Gad Nasyonal New York la nan Latham, 30 avyatè pral an sèvis nan Baz Gad Nasyonal Ayeryen Stratton nan Scotia epi 20 avyatè pral an sèvis nan Baz Gad Nasyonal Ayeryen Stewart nan Newburgh. Twa ekip yo pral ekipe pou asire netwayaj debri, kontwòl sikilasyon epi bay sipò pou mobilite.

Depatman Transpò

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a pare pou li entèvni avèk 3,631 sipèvizè ak operatè disponib nan eta a. Pou soutni aktivite entèvansyon kont nèj ak glas nan zòn kritik yo, yo te deplwaye 90 anplwaye ototal, ki gen ladan 77 operatè kamyon chasnèj, 11 sipèvizè ak 2 enstriktè operatè ekipman. Yo te distribye yo konsa:

- Rejyon Kapital
 - Ap resevwa 10 operatè chasnèj, 5 kamyon nèj ak 2 sipèvizè ki soti nan Lwès Southern Tier
 - Ap resevwa 14 operatè chasnèj ki soti nan Long Island
- NY Santral: Ap resevwa 3 operatè chasnèj ak 1 sipèvizè ki soti nan Lwès Southern Tier
- Mid-Hudson
 - Ap resevwa 6 operatè chasnèj, 1 sipèvizè, 2 enstriktè operatè ekipman ki soti nan Rejyon Finger Lakes
 - Ap resevwa 24 operatè chasnèj ak 5 sipèvizè ki soti nan Lwès NY
 - Ap resevwa 20 operatè chasnèj ak 2 sipèvizè ki soti nan Long Island

Yo pral re-evalye bezwen pou plis resous jan kondisyon yo mande sa pandan tout dire evènman an.

Pou asire yon entèvansyon rapid nan ensidan potansyèl yo, DOT pral gen kamyon remòkaj ki deja enstale nan I-90 ant Sòti 5 ak 6 ak sou Northway toupres Twin Bridges, ansanm ak nan kèk pati nan I-84, I-684, Route 17 ak I-81.

Ekip rejyonal yo angaje yo kounye a nan aktivite entèvansyon kont nèj ak glas ak preparasyon yo. Tout lokal rezidansyèl yo pral rete ak anplwaye yo pou operasyon yo 24/7 pandan tout dire evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo. Tout ekipman ki disponib yo pare pou deplwaye. Mekanisyon flòt nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lye rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon epi mentni kamyon yo sou wout la. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,617 gwo kamyon chasnèj
- 154 chasnèj mwayen
- 52 remòk chasnèj
- 344 gwo chajè
- 37 aparèy pou soufle nèj

Pou jwenn enfòmasyon sou sikilasyon an tan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 oswa vizite www.511NY.org oswa sit mobil la nan m.511ny.org, sous enfòmasyon sou vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta New York la.

Otorite Thruway

Otorite Thruway pare pou li entèvni nan tanpèt ivè a avèk 680 sipèvizè ak operatè ki disponib nan tout eta a. Thruway ap deplase anplwaye adisyonèl ak gwo kamyon chasnèj soti nan Divizyon Buffalo li a pou sipòte operasyon nèj ak glas nan lès New York. Anplwaye ki aktyèlman ap sivieye tanpèt la ak lòt operatè ak ekipman yo k ap deplwaye si kondisyon yo mande sa.

Kantite ekipman ak resous ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 357 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 11 remòk chasnèj
- 68 gwo chajè
- Plis pase 117,000 tòn sèl disponib

Thruway (I-87/I-90) pral entèdi tout traktè semi-remòk tandem ak vid apati lendi 13 mas a 8 p.m. depi nan I-87 sòti 17 (Newburgh - Scranton - I-84) rive nan I-90 sòti 36 (Watertown - Binghamton- I-81) ak sou Berkshire Spur (I-87 sòti 21B nan fwontye Massachusetts).

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa [imèl TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a.

Depatman Sèvis Piblik

Konpayi sèvis piblik yo kee Depatman Sèvis Piblik la reglemante gen apeprè 7,800 travayè ki disponib nan tout eta a pou patisipe nan efò reparasyon ak restorasyon pou evènman move tan ivènal la.

Sa enkli resous siplemantè kontra ekstèn sa yo:

- 765 travayè liy ekstèn ak sèvis pou National Grid pou divizyon Lès ak Santral.
- 450 travayè liy ekstèn ak pye bwa pou NYSEG ak RG&E.
- 187 travayè liy ekstèn pou Central Hudson.
- 410 travayè liy ekstèn pou Con Edison.
- 500 travayè liy ekstèn pou Orange & Rockland.

Pèsonèl DPS la pral swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi asire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo epi asire yo itilize resous disponib pou lòt sèvis piblik nan eta a yon fwa yo netwaye teritwa sèvis yo.

Si yo entèwonp sèvis ou a, vizite [sit entènèt](#) Entèripsyon Sèvis Piblik DPS la pou jwenn konsèy.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta New York pral deplwaye patwouy adisyonèl ak monte motonèj ak veyikil touteren pou entèkansyon imedyat nan zòn tanpèt la pral afekte yo. Yo mete an sèvis tout veyikil touteren yo, epi yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon ijans yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi y ap siveye sityasyon k ap devlope a epi y ap fè patwouy aktivman nan zòn ak enfrastrikti ki afekte pa move tan an. Tout resous disponib yo prè pou ede ak nenpòt entèkansyon ijans.

DEC ap konseye vizitè nan rejyon rekile yo pou yo konsyan ak prepare pou kondisyon avalanch akòz tan an ki ka ogmante risk avalanch oswa glisad yo oswa teren apik oswa ouvri. W ap jwenn plis enfòmasyon disponib sou <https://www.dec.ny.gov/outdoor/950.html>.

Sekirite pou randone nan sezon ivè ak preparasyon yo trè enpòtan kèlkeswa kapasite fizik oswa destinasyon yon randone. Byen prepare pou kondisyon ivè yo esansyèl pou yon eksperyans ki pi agreyab ak pi an sekirite. Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib nan <https://www.dec.ny.gov/outdoor/112826.html>.

DEC raple sila yo ki responsab pou netwaye ak jete nèj a gwo echèl pou yo swiv pi bon pratik jesyon yo pou ede anpeche inondasyon ak redui posibilite pou gen polyan tankou sèl, sab, lwil, fatra ak lòt debri nan nèj ki afekte kalite dlo a. Eliminasyon nèj nan rivyè ak kouran dlo lokal yo ka kreye baraj glas ki ka lakòz inondasyon nan zòn ki toupre yo. Operatè pou retire nèj piblik ak prive yo ta dwe okouran de pwoblèm sekirite sa yo

pandan ak apre tanpèt la. Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib nan https://www.dec.ny.gov/docs/water_pdf/togs5111new.pdf.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Yo ap alimante, teste epi prepare ekipman pou repons, pou fè entèvansyon nan ka tanpèt. Pak Eta yo gen nèg ekip siyè disponib pou deplwaman jan sa nesèsè. Vizitè pak yo dwe tcheke parks.ny.gov oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Otorite Transpò Metwopoliten (MTA)

Otorite Transpò Metwopoliten an ap siveye kondisyon meteyowolojik yo depre pou asire sèvis san danje, ki fyab. Anplwaye MTA yo ap pare pou entèvni kont tout pwoblèm ki lye ak kondisyon meteyo yo. Kliyan yo ankouraje tcheke new.mta.info pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon pandan y ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: MYmta ak TrainTime.

Otorite Pòtyè a nan New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo. Restriksyon pou vitès yo gendwa an vigè nan pon yo, ansanm ak wout pou ale ak pou sòti nan kafou yo. Yo ap ankouraje pasaje atravè enstalasyon Otorite Pòtyè yo pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta ak anilasyon.

Pou dènye enfòmasyon yo sou enstalasyon Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou Alèt PA yo oswa telechaje youn nan [aplikasyon mobil PA yo](#), ki enkli RidePATH ki bay mizajou nan tan reyèl ak alèt pou sèvis PATH.

Konsèy sekirite

Vwayaj

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou w kondui an sekirite:

- Pa kondui, sof si sa nesèsè.
- Si ou dwe vwayaje, asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote ou ye.
- Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan ou chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote

plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la ak kondisyon meteyowolojik yo.

- Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.
- Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li. Pa janm eseye pase sou yon chasnèj pandan l ap fonksyone.

Blakawout yo

- Tcheke konpayi sèvis piblik ou a pou ou ka konnen orè reparasyon nan zòn nan.
- Etenn oswa deploge limyè ak aparèy elektwomènaje pou ou ka evite yon sichaj kouran lè yo repara sèvis la; kite yon limyè limen pou endike lè yo te retabli kouran.
- Si chalè a ale pandan yon tanpèt ivènal, kenbe kay la cho lè w fèmen chanm ou pa bezwen yo.

Rapòte yon blakawout

- Central Hudson: 800-527-2714
- Con Edison: 800-752-6633
- National Grid: 800-867-5222
- NYSEG: 800-572-1131
- O&R: 877-434-4100
- PSEG-LI: 800-490-0075
- RG&E: 800-743-1701

Sekirite pou Chofaj

- Sèvi ak sous chalè altènatif ki an sekirite sèlman tankou yon chemine, ti recho a bwa oswa a chabon ki byen ayere oswa aparèy chofaj pòtab.
- Lè w ap itilize sous chalè altènatif tankou yon chemine, recho a bwa, elatriye, toujou asire w ke ou gen bon vantilasyon. Toujou Swiv enstwiksyon fabrikan yo.
- Kenbe rido, sèvyèt ak manchon pwoteksyon yo lwen sifas cho.
- Gen yon ekstenktè ak detektè lafimen epi asire w yo fonksyone.
- Si w itilize aparèy chofaj ki mache ak kewozèn pou konplete gaz chofaj regilye w la, oswa kòm yon sous chalè ijans, swiv konsèy sekirite sa yo:
 - Swiv enstwiksyon fabrikan yo.
 - Sèvi ak gaz ki kòrèk la sèlman pou inite w la.
 - Remete konbistib deyò sèlman epi lè inite a frèt sèlman.
 - Kenbe aparèy chofaj la nan yon distans omwen twa pye ak mèb yo lòt eleman konbistib yo.

-Lè w ap itilize aparèy chofaj la, sèvi ak pwoteksyon kont dife epi vantile byen.

Pou plis konsèy sekirite sou lèvè a, vizite <https://dhSES.ny.gov/safety>. Pou tout bezwen sèvis ki pa ijans anvan, pandan oswa apre yon tanpèt nan Eta New York, rele 211 oswa vizite 211nys.org.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite DHSES sou [Facebook](#), sou [Twitter](#) oswa vizite dhSES.ny.gov.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418